

Sivivan Dezas yo: Pran prekosyon ak gwod ak Vol Idantite

Release Date: October 7, 2020

PENSACOLA, Fla. – Apre yon dezaz, fwod kapab vin yon pwoblèm.

Pafwa, sivivan k ap eseye enskri nan FEMA dekouvri ke pafwa yon lòt moun gentan enskri sou non yo. Magouyè yo ka kontakte sivivan ki pa enskri nan FEMA epi eseye pran lajan oswa enfòmasyon nan men yo. Nan ka sa yo, gen chans pou enfòmasyon pèsònèl sivivan an konpwomèt.

FEMA raple sivivan yo:

- FEMA ak U.S. Small Business Administration (SBA) pa janm chaje pou enskripsyon, enspeksyon kay, sibvansyon, aplikasyon prè pou dezaz oswa nenpòt lòt bagay.
- **Si w enskri epi ou vle verifye nenpòt korespondans ou nan FEMA, rele nan 800-621-3362**

(TTY 800-462-7585).

- Si w sispèk fwod, rele Liy Dirèk Sant Nasyonal pou Fwod Dezas la nan **866-720-5721**, the [Florida Attorney General's](#) Fraud Hotline nan **866-966-7226** oswa rapòte l nan depatman lapolis lokal ou.

FEMA rekòmande tou pou w kontwole rapò kredi w pou nenpòt kont oswa chanjman ou pa rekonèt. Si w dekouvri yon moun ap itilize enfòmasyon w, ou pral bezwen pran etap siplemantè tankou depoze yon plent nan Federal Trade Commission nan sitwèb yo a: [IdentityTheft.gov](https://www.ftc.gov).

Pou plis enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Sally nan Florida, vizite sitwèb dezaz FEMA a nan <https://www.fema.gov/disaster/4564> oswa sitwèb Florida Division of Emergency Management nan <https://www.floridadisaster.org/info/>.



FEMA

Page 1 of 1